

PANGARUH MODÉL PROJECT BASED LEARNING DIBANTU KU WORDWALL PIKEUN NGARONJATKEUN HASIL DIAJAR MATEMATIK MURID DI SEKOLAH DASAR

SHAFRA RAMADHANTI PADEMMUI

215060033

RINGKÉSAN

*Panalungtikan ieu dilakukeun dumasar kana kanyataan yén hasil diajar matematika ti sababaraha murid masih kénéh handap. Loba murid nu henteu resep kana pelajaran matematika, lantaran dianggap matak hésé sareng nyangsang dina pikiran maranéhna. Panalungtikan ieu mibanda tujuan pikeun ningali kumaha pangaruh modél Project Based Learning nu dibantuan ku Wordwall, ku cara ngabandingkeun dua kelompok kelas, nya éta kelas ékspérimén sareng kelas kontrol. Nu dijadikeun subjek nyaéta kelas III di UPTD SDN 2 Penganjang, kalayan objek panalungtikan nyaéta kelas III A jeung III B. Duanana dipilih ngagunakeun téknik purposive sampling, sarta hasil tés mimiti nunjukkeun yén kadua kelas miboga tingkat kaparigelan matematika anu sarimbang. Panalungtikan ieu maké pendekatan kuantitatif, kalayan métode quasi eksperimen jeung desain panalungtikan Nonequivalent Control Group Design. Pangumpulan data dilakukeun ngaliwatan prétest, posttest, sareng lembar observasi. Dumasar kana hasil panalungtikan, prosés pembelajaran dina duanana kelas geus lumangsung saluyu sareng léngkah-léngkah model pembelajaran sarta nyumponan aspék-aspék anu aya dina lembar observasi. Hasil uji regresi linear sederhana nunjukkeun yén nilai signifikansi $0,046 < 0,05$. Kalayan kitu, H_0 ditolak jeung H_1 ditampi, nu hartina aya pangaruh nyata tina modél Project Based Learning nu dibantuan ku Wordwall kana kanaékan hasil diajar matematika peserta didik. Sajaba ti éta, hasil uji *n-gain* ternormalisasi nunjukkeun yén kanaékan dina kelas ékspérimén ngahontal 81%, sedengkeun dina kelas kontrol ngan ukur ngahontal 40%. Ieu nuduhkeun yén kelas anu ngagunakeun modél Project Based Learning dibarengan ku Wordwall meunang kanaékan hasil diajar anu leuwih luhur batan kelas anu diajar ku cara konvensional.*

Kecap Pamageuh: Hasil Diajar Matematika, Modél Project Based Learning Jeung Aplikasi Wordwall.